


# QARAQALPAQ POEZIYASÍNDA AZATLÍQ HÁM ÁDILLIK IDEYALARÍ

**Rametova Dilbar Paxratdinovna**
Nókis rayonı MSh hám MBB ne qaraslı 27-sanlı mekteptiń qaraqalpaq tili hám ádebiyati páni oqıtıwshısı
https://doi.org/10.5281/zenodo.17514008

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-oktabr 2025 yil
Ma'qullandi: 28-oktabr 2025 yil
Nashr qilindi: 31-oktabr 2025 yil

**KEYWORDS**

*qaraqalpaq poeziyası, azatlıq ideyası, ádillik koncepciyası, milliy sana-sezim, Berdaq, Ájiniyaz, ǵárezsizlik dáwiri, kórkem tallaw, xalıq ruwxı.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada qaraqalpaq poeziyasında azatlıq hám ádillik ideyalarınıń kórkem súwretleniwi, olardıń tariyxıy negizleri hám zamanagóy talqılawları tallanadı. Maqalada Ájiniyaz Qosıbay ulı, Berdaq, Kúnxoja sıyaqlı shayırlar dóretiwshiligi mısalında xalıqtıń azatlıqqa umtılıwı hám ádillik ruwxınıń poeziyadaǵı sáwlesi ashıp beriledi. Sonday-aq, ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatında bul ideyalardıń jańasha mazmunǵa iye bolıwı, yaǵnıy azatlıqtı insan qálbiniń erkinligi, ádillikti bolsa sociallıq turaqlılıq hám hadallıq belgisi sıpatında talqılanıwı kórsetip ótiledi. Maqala dawamında tariyxıy, estetikalıq hám filosofiyalıq jaqtan izbe-iz tallaw ámelge asırılǵan bolıp, qaraqalpaq poeziyası xalıqtıń ruwxıy oyanıwında tutqan ornı kórsetip ótilgen.*

Qaraqalpaq ádebiyatı - bul xalıqtıń ruwxıy turmısı, umtılısları hám tariyxıy tájiriybesin jámlegen biybaha ǵáziyne. Ásirese, qaraqalpaq poeziyası xalıqtıń ishki dúnyası, ádillikke, tınıshlıqqa, azatlıqqa bolǵan umtılısların eń haqıyqıy sáwlelendiretuǵın kórkem óner túri sıpatında qádirlenedi. Hár bir dáwirde, hár bir sociallıq ózgeris shayırlar xalıqtıń júrek sestin esite bilgen, olardı sóz qúdireti menen sáwlelendirgen. Sonlıqtan, azatlıq hám ádillik ideyaları qaraqalpaq poeziyasında máńgi jańlaytuǵın, xalıq turmısı menen tikkeley baylanıslı processlerdegi temalar qatarına kiredi [4, 77-81].

Azatlıq - bul insannıń, millettiń, jamiyettiń eń joqarı qádiriyatı. Ádillik bolsa - azatlıqtı saqlap qalıwshı, insaniyattı birlestiriwshi ádep-ikramlılıq princip. Sonlıqtan da qaraqalpaq shayırları óz shıǵarmalarında bul eki túsinikti bir-birine úzliksiz baylanıstırıp, xalıq qálbiniń eń tereń keshirmelerin sáwlelendirgen.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı ásirler dawamında erkinlik hám ǵárezsizlik ushın gúresler menen ótken. Sonlıqtan azatlıq ideyası qaraqalpaq awızeki dóretiwshiliginde, dástanlarında, qosıqlarında, ápsanalarında hám álbette poeziyasında oraylıq temaǵa aylanǵan.

Xalıq dástanlarında, máselen, "Qırıq qız" eposında mártlik, watansúyiwshilik hám azatlıq ruwxı óz kórinisin tapqan. Dástan qaharmanları óz jurtınıń erki, xalqınıń abırayı ushın janın pidá etken. Bul shıǵarma qaraqalpaq milliy sanasınıń qáliplesiwinde tiykarǵı derek bolıp xızmet etken.

Keyingi dáwirlerde, ásirese XIX ásirde jasap dóretiwshilik etken Ájiniyaz Qosıbay ulı óz qosıqlarında xalıqtı jawızlıq hám zulımlıqtan azat bolıwǵa shaqırǵan. Onıń:

Keter boldıq endi bizler bash alıp,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw,
Xoshlasalı qara kózge yash alıp,
Xosh aman bol, bizden kaldıń, Bozataw.

Jer hám el bilendur, el hám jer bilen,
Jersiz eldiń, kuni dárba-dár bilen,
Ómiri óter júrektegi sher bilen,
Kádiriń seniń bizge etti, Bozataw [1].

degen qatarlarında watannan ayırılıw azabı, azatlıq ushın saǵınısh, azatlıq ármanı sáwlelendiriledi. Bul qatarlar xalıqtıń ruwxıy jaǵdayın, erkinlikke bolǵan talabın tereń sáwlelendiredi.

Sonday-aq, Berdaq dóretiwshiligi de azatlıq ideyasınıń joqarı úlgilerinen biri bolıp esaplanadı. Ol óz dáwiriniń zulımlıq, jawızlıq, nadanlıq illetlerine qarsı sóz benen gúresken. Shayır qosıqlarında xalıqtı aǵartıwshılıqqa, bilimge, birlikke shaqıradı. Sebebi haqıyqıy azatlıq - tek ǵana siyasiy ǵárezsizlik emes, al insan sanasınıń erkinligi, ruwxıy oyanıw bolıp tabıladı.

Ádalat ideyası qaraqalpaq poeziyasında azatlıq túsinigine qaraǵanda jáne de keńirek sociallıq mániske iye. Ádillik - bul jámiyettiń turaqlılıǵı, insanlar arasındaǵı teńlik, hadallıq hám hújdan ólshemi.

Berdaq, Ájiniyaz sıyaqlı shayırlar ádillikti tek siyasiy yamasa sociallıq túsinik sıpatında emes, al adamgershiliktiń ózegi sıpatında talqılaǵan.

Máselen, Berdaq "Xalıq ushın" qosıǵında bılay deydi:

Jigit bolsań arıslanday tuwılǵan,
Xızmet etkil udayına xalıq ushın,
Jigit bolsa arıslanday tuwılǵan,
Hesh qashan da jumıs etpes ózi ushın.

Ózi ushın is eter aqılǵa zayıl,
Bolıp usınıńday zamanǵa qayıl,
El qıdırǵan qıdırımpaz gil sayıl
Jumıs etpes hesh waqıtta xalıq ushın [3].

Bul qatarlar arqalı shayır ádillikti xalıq mápi menen baylanıstıradı. Onıń pikirinshe, ádillik - bul pidayılıq, hújdanlı hadallıq hám el ushın xızmet etiw.

Sonday-aq, qaraqalpaq poeziyasında ádalat ideyası kóbinese haqıyqatlıq, insap, diyanat, miyrim-shápáát túsinikleri menen birge qollanıladı. Bul bolsa ádillikti tek ǵana siyasiy emes, al ruwxıy hám ádep-ikramlılıq princip sıpatında bekkemleydi.

Qaraqalpaq shayırları ushın azatlıq hám ádalat bir-birinen ajıralmas túsinikler bolıp esaplanadı. Sebebi azat jámiyette ádillik bolmasa, erkinlik mánissiz; ádilsiz erkinlik bolsa tártipsizlikke alıp keledi.

Bul ideya kóplegen qosıq hám dástanlarda kórkem túrde ańlatıladı. Máselen, Ájiniyazdıń "Ellerim bardı" qosıǵında xalıq birligi, ádillik hám erkinlik ideyaları tómendegi qatarlarda uyǵınlasadı:

Sorasan elimdi Qojban bizlerden,
Qalpagi qazanday ellerim bardi,
Qate shiqsa keshirinler sozlerden,
Qitay, Qonirat atli ellerim bardi.

Jaylawim Urgenish, arqasi teniz,
Jawirini qaqpaqtay, mallari semiz,
Ruxsatsiz bir-birine salmas iz,
Birlikli Qonirattay ellerim bardi

Bul qatarlar arqalı shayır azatlıqtı tek ǵana jeke erkinlik emes, al xalıq birligi hám ádillik ústinliginiń nátiyjesi sıpatında kórsetedi. Demek, ádillik - azatlıqtıń tiykarı, azatlıq bolsa - ádilliktiń kepili.

XXI ásir qaraqalpaq poeziyasında azatlıq hám ádillik ideyaları jańasha mazmun menen bayıdı. Endi azatlıq - xalıqtıń siyasiy ǵárezsizligi menen birge, insannıń mánawiy erkinligi, pikir gárezsizligi, dóretiwshilik erkinligi sıpatında talqılanbaqta.

Shayırlar óz shıǵarmalarında milliy ózlikti ańlaw, tınıshlıqtı qádirlew, ádil sociallıq qurıw ideyaların alǵa qoymaqta.

Máselen, Kúnxojanıń "Nege kerek" qosıǵında mınaday qatarlar bar:

Sayraǵan búlbúli bolmasa,
Ishi hawazǵa tolmasa,
Bárqulla jaynap turmasa,
Ashılǵan gúl nege kerek?

Sarqırap suwı aqpasa,
Ekken eginler qanbasa.
Waqtında tasıp tolmasa,
Aqqan suwlar nege kerek?

Uzaqtan kózge túspese,
Shamalı qattı espese,
Tóbesi bultqa tiymese,
Asqar tawlar nege kerek? [5].

Bul qatarlar azatlıqtı insan qálbiniń sáwlesi sıpatında talqılaydı.

Keste 1. Qaraqalpaq poeziyasında azatlıq hám ádillik ideyalarınıń sáwleleniwi.

| shayır | Shıǵarma | Tiykarǵı ideya | Kórkemlik quralları | Mazmunlı juwmaq |
|---|---|---|---|---|
| **Ájiniyaz Qosıbay ulı** | "Bozataw", "Ellerim bardı" | Watanǵa muhabbat, azatlıq ármanı | Simvol, metafora, milliy qarama-qarsılıqlar. | Azatlıq insannıń ruwxıy mútájligi sıpatında súwretlenedi. |
| | "Xalıq ushın" | Ádillik, haqıyqat, xalıq | Lirizm, xalıq naqılları, | Ádillikti xalıq ushın xızmet etiw menen teńlestiredi. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | "Nege kerek" | | Ritorikalıq | Azatlıq - milliy maqtanısh hám insan qádiri belgisi. |

**Juwmaq.** Qaraqalpaq poeziyası - xalıqtıń azatlıqqa bolǵan umtılısları hám ádillik ruwxınıń kórkemlik kórinisi bolıp tabıladı. Hár bir dáwir shayırı óz dóretiwshiligi arqalı xalıqtı azatlıqqa, haqıyqatlıqqa, hadallıqqa shaqırǵan. Ájiniyaz, Berdaq sıyaqlı shayırlar dóretiwshiligi bul baǵdarda tek ádebiy emes, al ruwxıy mektep wazıypasın atqarǵan. Búgingi kúnde de bul dástúr dawam etpekte: jańa áwlad shayırları azatlıqtı - insan qálbiniń ǵárezsizligi, ádillikti bolsa - sociallıq turaqlılıq hám hadallıq belgisi sıpatında talqılamaqta. Solay etip, qaraqalpaq poeziyası azatlıq hám ádillik ideyaların áwladtan-áwladqa jetkeriwshi, millet ruwxıylıǵın joqarılatıwshı biybaha dárek bolıp qaladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatla:**

1. Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. –Nókis. «Qaraqalpaqstan», 1994. –B. 59.
2. Bazarbaev J. Ájiniyaz shayırdıń dúnyaǵa kóz qarasları haqqında filosofiyalıq ocherk. Nókis, -Bilim. 2019., 51-bet.
3. Berdaq. Saylandı shıǵarmaları. (Qayta basılım). –Nókis. "Bilim", 2019. –B. 179.
4. Keulimjaevna, E. S. (2024). QORAQALPOQ MUMTOZ ADABIYOTI VAKILLARINING IJTIMOIY-AXLOQIY QARASHLARINING YOSHLAR TARBIYASIDAGI AHAMIYATI. Международный журнал теории новейших научных исследований, 2(12), 77-81.
5. Kúnxoja. El menen. Tańlamalı qosıqlar toplamı. -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1975 –B. 12.

INNOVATIVE ACADEMY